




Tès pou Antikò COVID-19

Depatman Sante Florid • FloridaHealthCOVID19.gov



Kisa yon antikò ye?

Antikò yo se pwoteyin ou jwenn nan san an, ki pwodui lè sibstans etranje tankou bakteri oswa viris anvayi kò a. Antikò yo ede kò a konbat enfeksyon.




Kisa tès la fè?

Tès la ap tcheke san ou pou wè si gen antikò COVID-19 yo. Li pa pral teste si wi ou non ou gen viris la nan moman an.



Kijan yo pral fè tès la pou mwen?

Y ap pran echantiyon san yo nan dwèt ou oswa nan bra ou.



Kisa sa siyifi si tès mwen pozitif pou antikò yo?

Yon rezilta pozitif siyifi antikò COVID-19 yo gendwa prezan nan kò ou, men antikò yo ta ka sòti tou apati yon lòt kalite enfeksyon kowonaviris.



Yon tès antikò pozitif PA vle di ou pwoteje (iminize) kont COVID-19.

Pa gen okenn prèv definitiv pou lemoman pou montre yon moun pa kapab enfekte avèk COVID-19 plis pase yon sèl fwa.

Yon rezilta negatif gendwa siyifi plizyè bagay:

- Tès la pa te jwenn antikò COVID-19 yo nan san w nan moman an.
- Ou ka gen COVID-19, men kò w pa te gen ase tan pou li vin gen antikò—sa ka pran jiska 3 semèn.
- Sa ka pran plis tan pou w vin gen antikò oswa ou gendwa pa devlope vin genyen yo ditou.



CDC, Tès pou Enfeksyon Pase



FDA, Otorizasyon pou Itilizasyon Dijans

Itilize aplikasyon kamera telefòn ou epi eskane kòd yo pou aprann plis.

- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC): Ale nan [CDC.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus) epi chèche “Test for Past Infection” (tès pou enfeksyon pase).
- Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA): Ale nan [FDA.gov](https://www.fda.gov) epi chèche “Emergency Use Authorizations” (otorizasyon pou itilizasyon dijans).